



Pou Piblikasyon Imedya: 28/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PWOJÈ TRANSFÒMATÈ POU GLOVERSVILLE NAN
KAD SIBVANSYON INISYATIV REVITALIZASYON ANBA LAVIL 10 MILYON DOLA**

A

***Douz Pwojè Revitalizasyon Anba Lavil Amelyore Nouvo Ekipman Piblik, ak
Opòtinite Biznis ak Lojman***

***Se yon Pati nan kad Objektif Estratejik pou Anrichi Kominote a ak Pwojè Katalizè
Kle yo***

Reprezantasyon grafik pwojè yo disponib [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse 12 pwojè transfòmasyonèl nan Vil Gloversville nan kad prim sibvansyon 10 milyon dola Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) la. Prim lan pral amelyore ekipman piblik yo ak espas vèt, elaji opòtinite lojman, epi sipòte ti biznis ki deja egziste ak nouvo biznis yo. Reprezantasyon pwojè yo disponib [isit la](#).

"N ap antre nan yon nouvo epòk pou Gloversville, atire travay, biznis, ak moun epi fè kominote a yon pi bon kote pou viv ak travay", **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Envestisman sa yo pral kreye plis lojman abòdab, amelyore ekipman piblik yo, epi revitalize biznis kle yo nan anba lavil Gloversville, ki pral amelyore kalite lavi pou vizitè yo ak rezidan yo. Administrasyon mwen an angaje pou kreye plis kominote ki vivab ak bati yon avni ki pi briyan nan Rejyon Nò Eta New York."

Anba lavil Gloversville distenge pa karaktè inik, achitekti istorik, atizay ki renome ak byen kiltirèl, pak ak espas vèt, ak sans kominotè rich li a. Envestisman resan nan ak ozalantou anba lavil Gloversville ki konpak epi ki aksesib pou pyeton an, te fè zòn nan mi pou revitalizasyon.

Envestisman yo fè pati efò kontinyèl Gouvènè a pou revitalize ekonomi rejyon nò a epi kreye plis opòtinite pou rejyon Mohawk Valley a. Yo te nonmmen Gloversville yon [gayan 5e faz DRI a](#) an 2021. Anplis akòde sibvansyon pou envestisman kominotè katalizè, Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la, ki dirije pa Depatman Deta (Department of State, DOT), bay kominote k ap patisipe yo asistans teknik pandan y ap devlope yon Plan Envestisman Estratejik epi idantifye pwojè pou revitalize zòn anba lavil pa yo.

Pwojè presi yo ki pral finanse atravè DRI gen ladan:

Renovasyon Teyat Glove Istorik la - Prim DRI: 1,994,000 dola

Konplèks Teyat Glive (Glove Theatre) ki mezire 40,000 pye kare a pral renove ak restore atravè pwojè sa a, ki gen ladann divès kalite amelyorasyon enteryè pou amelyore sekirite ak konfò.

Renove Carriage House - Prim DRI: 1,360,000 dola

Carriage House istorik la, ki vid pandan prèske de deseni, pral reyabilite pou founi yon mikwo-brasri, ba espòtif, restoran, ansanm ak plizyè inite lojman nan etaj anwo yo. Anplis espas rezidansyèl, yon pati nan etaj anwo yo pral itilize kòm espas fleksib pou fonksyone kòm yon espas resepsyon jan sa nesèsè.

Konstwi Lofts Vil Glove la - Prim DRI: 1,250,000 dola

Lojman pou atis yo pral konstwi sou yon teren vid ki egziste toupre Meri a atravè pwojè sa a. Li pral ofri apeprè 75 inite lojman abòdab nan modèl swit yo pou lokatè ki gen revni miks, ansanm ak espas vèt ak yon galri atistik ki jere pa Glove City Arts Alliance (Alyans Atistik Vil Glove).

Aktive St. Thomas Square pou Aktivite Pandan Tout Ane a - Prim DRI: 1,120,000 dola

Pwojè sa a pral kreye yon koneksyon solid ak Main Street nan re-devlopman yon pak ki pa sèvi ak yo ki gen ladan: yon nouvo zòn pou pyeton ak memoryal ozalantou Paviyon Farmers Market ak yon zòn patinaj glas ak ekipman ki asosye yo.

Revitalize Daniel Hayes Mill - Prim DRI: 1,050,000 dola

Pwojè sa a pral redevlope yon ansyen sit endistriyèl, ki gen ladan yon estrikti brik istorik ki gen kat etaj ak ankadreman an bwa ak plizyè bilding masonri ki gen yon sèl etaj, pou itilizasyon rezidansyèl pou plizyè fanmi ki pral mennen nouvo rezidan nan anba lavil Gloversville epi pote nouvo lavi nan yon propriyete ki te abandone depi lontan.

Inisye Fon pou Amelyorasyon Biznis Anba Lavil la- Prim DRI: 600,000 dola

Fon Biznis Anba Lavil la pral bay ti biznis ak òganizasyon yo nan zòn DRI a sipò finansye ki nesèsè pou konble eka finansman an pou pwojè ekspansyon ak amelyorasyon. Vil la pral bay sibvansyon ki baze sou yon aplikasyon konpetitif, pwosesis revizyon ak egzijans korespondans.

Amelyore Ekipman Piblik nan Trail Station Park lan - Prim DRI: 495,000 dola

Dezyèm faz yon ekspansyon planifye nan Trail Station Park lan pral kòmanse, sa k ap ranplase yon gwo seksyon asfalt ak ekipman tankou yon patojwa, twalèt, paviyon, ak yon zòn pou chanje, ansanm ak pye bwa, zòn piknik, santye, ak espas vèt.

Amelyore Peyizaj ak Koneksyon- Prim DRI: 441,000 dola

Pwojè sa a pral kreye yon anviwonman ki pi akeyan pou vizitè yo ak rezidan yo lè li ofri twotwa amelyore, pye bwa nan lari pou lonbraj, ak ekleraj pou pyeton nan pozisyon kle yo nan anba lavil la.

Kreye yon plas anba lavil - Prim DRI: 435,000 dola

Pwojè sa a pral transfòme pwopriyete santral ki konplètman vid sa a an yon plas iben/plas rasanbleman piblik pou konsè ak espektak piblik, sware fim deyò chak semèn, ak yon atmosfè pak iben. Yo pral bay espas pou kamyon manje ak estang pou restoran lokal yo. Yo pral enkòpore enfrastrikti vèt pou pèmèt enfiltrasyon dlo lapli.

Transfòme yon bilding ki vid nan yon mikwo-brasri - Prim DRI: 359,000 dola

Yo pral transfòme yon ansyen bilding garaj vid an katye jeneral pou Glove City Brewing, ak yon mikwo-brasri, twalèt kwizin, ak yon espas kolasyon deyò.

Renove Schine Memorial Hall, Twazyèm Etaj - Prim DRI: 346,000 dola

Twazyèm etaj Schine Memorial Hall, yon bilding enpòtan ki gen twa etaj ki se yon moniman istorik nan anba lavil la depi konstriksyon li an 1881, pral renove pou kreye yon espas atiran pou demenajman Storto Glove Museum ak espas travay an komen pou atis yo.

Revivifye Ansyen Meri Vil la - Prim DRI: 250,000 dola

Premye etaj ansyen bilding City Hall la pral renove pou ajoute yon restoran ak boulanjri nan espas vid bilding pou itilize miks lan.

Gloversville te elabore yon plan investisman estratejik pou renove sant vil li a avèk 300,000 dola nan fon planifikasyon ki soti nan sibvansyon 10 milyon dola a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène te dirije efò sa, epi yo te resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Investisman Estratejik pou zòn sa nan Gloversville pral egzamine resous ak opòtinite ki gen onivo lokal, epi idantifye pwojè devlopman ekonomik, transpò, lojman, ak pwojè kominotè yo ki alinye ak vizyon kominote a genyen pou revitalizasyon sant vil la, epi ki pare pou yo mete yo sou pye.

Sekretè Deta New York, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Pwogram DRI a ap dirije renovasyon ak restorasyon resous enpòtan anba lavil yo nan chak rejyon nan eta a. Douz pwojè sa yo nan Gloversville pare pou l mete investisman 10 milyon dola sa travay pou rezidan li yo ak pou aktive anba lavil istorik li a ak komès ak nouvo vizitè. Gloversville se egzanp pafè sou fason investisman plasman estratejik Eta New York yo nan lar, enfrastrikti ak aksè bò dlo yo ka sipòte kwasans ekonomik lè yo kreye kominote kote moun vle viv, epi ki atiran."

Manm Asanble Robert Smullen te deklare, "Li enteresan epi rafrechisan pou wè resous eta a retounen nan kominote Gloversville, epi mwen optimis ke nou kapab konstwi sou momantòm sa a pou revitalize totalman zòn anba lavil nou an ak distri biznis nou an. Anpil nan pwojè sa yo enkane istwa ak kilti rich rejyon nou an, kidonk mwen gen konfyans ke finisman yo pral bay plis travay, touris, ak opòtinite pou rezidan Mohawk Valley yo."

Majistra Gloversville Vincent DeSantis te deklare, "Sa a se youn nan moman ki pi enteresan nan istwa Gloversville. Mèsi a Gouvènè Hochul ak Sekretè Deta Rodriguez, ak opòtinite finansman byen sible Eta New York ofri yo. Kounye a nou nan pozisyon pou n bati yon nouvo vil, yon transfòmasyon soti nan yon vil endistriyèl 19èm syèk rive nan tounen yon kominote 21èm syèk k ap pwospere."

Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil

DRI Eta New York, yon poto mitan pwogram devlopman ekonomik, transfòme katye anba lavil yo pou tounen sant aktivite dinamik ki ofri yon kalite lavi elve ak atire reyamenajman, biznis, kreyasyon travay ak divèsite ekonomik ak lojman. DRI, ke Depatman Eta a avèk asistans Empire State Development, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote ak NYSERDA dirije, reprezante yon estrateji san parèy ak inovatè "planifye-answit-aji" ki mete ansanm planifikasyon estratejik avèk egzekisyon imedyat ak mennen nan anba lavil konpak, adapte pou mache ki se engredyan kle nan ede Eta New York rebati ekonomi li apre enpak pandemi COVID-19 la, epitou nan reyalize objektif odasye Eta a nan zafè klima gras a pwomosyon itilizasyon transpò piblik ak rediksyon depandans sou machin prive. Plis enfòmasyon sou DRI a disponib [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418